

# **BIWO CHERIF MIAMI-DADE**

***Cherif Rosie Cordero-Stutz***

## **GID PREPARASYON POU SIKLÒN**



### **EVALYE ESTRATEJI DIJANS OU EVALYE**

**Plan Dijans Fwaye ou**

**Byen revize plan ou epi asire ke chak manm fanmi w konnen kote ki pi an sekirite lakay ou.**

### **ENSPEKTE ZAFÈ ESANSYÈL OU YO**

**Verifye rezèv pwovizyon ou**

**Konfime ke ou gen atik enpòtan tankou dlo, dra, twous premye swen, flach, batri, radyo, ak nenpòt founiti nesesè pou swen bèt kay ou.**

### **PWOTEJE DOSYE ENPÒTAN**

**Pwoteje Dokiman Enpòtan**

**Sere dokiman tankou kat asirans, kat idantite, ak lòt enfòmasyon enpòtan nan yon kontenè ki sekirize e enpèmeyab.**

### **PLANIFYE WOUT EVAKYASYON OU**

**Organize wout evakyasyon ou**

**Konnen wout evakyasyon ou davans. Si w nan yon zòn evakyasyon, familyarize w avèk chèltè lokal ki toupre w yo.**

### **OBSÈVE GID OFISYÈL YO Suiv**

**Enstriksyon Otorite Lokal yo**

**Respekte tout direktiv otorite lokal yo bay konsènan evakyasyon ak mezi sekirite. Rete enfòme lè w suiv radyo, televizyon, oswa lòt medya pou dènye nouvèl sou sitiysyon ijans.**



JWENN PLIS ENFÒMASYON NAN

**MDSO.COM**

# TWOUS PWOVIZYON POU SEZON SIKLON

Asire ke ou gen tout ekipman dijans ou an rezèv anvan 1ye  
jen, kòmansman sezon ofisyèl siklon lan

- 7-Rezèv jounalye manje non-perisab-ak dlo**  
(Pou nou rete idrate, planifye pou yon galon dlo pou chak moun pa jou, bêt kay ladan tou..)
- Twous Premye Swen**  
(Kenbe founiti medikal esansyèl yo sou la men pou sitiyasyon ijans.)
- Flach ak radyo ak batrile siplemantè**  
(Kenbe komunikasyon ak vizibilite entak pandan blakawout.)
- Esansyèl Sanitasyon ak Ijyèn**  
(Fè pwovizyon jèl dezenfektan pou men, ti sèvyèt dezenfektan, ti sèvyèt imid), papye ijenik, pwodui ijyèn pou fanm, ak sèvyèt pou inondasyon pou jere defi ki gen rapò ak dlo.)
- Kopi Dokiman Enpòtan yo**  
(Pwoteje fotokopi idantifikasyon, kat Sekirite Sosyal, paspò, kat rezidans, kontra asirans (kay, oto, asirans vi, asirans sante, elatriye) ak relve bankè yon kote ki an sekirite epi ki enpèmeyab.)
- Medikaman sou preskripsyon ak sa ki nesesè vizyon, aparèy pou ede moun tande**  
(Pran yon rezèv medikaman sou preskripsyon ak medikaman san preskripsyon), linèt, solisyon pou lantiy kontak, ak batri pou aparèy odifit pou bezwen kontinyèl sante.)
- Twous reparasyon ak zouti nan ka ijans**  
(Gen ladan yon twous reparasyon, kab boutè, yon ponp, ak flanm atifisyèl pou sekirite veyikil ak asistans woutyè.)
- Pwodui pou tibebe**  
(Prepare fòmila, manje tibebe, kouchèt, bibwon, ak tetin pou satisfè bezwen timoun piti.)
- Lajan kach**  
(Kenbe lajan kach disponib pou sitiyasyon kote peman elektwonik ka pa yon opsyon.)
- Ranplis tank gaz**  
(Kenbe yon tank gaz byen ranpli nan machin ou pou asire mobilite pandan yon ijans.)

